*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№150 (26602)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 20 август – майрæмы мæйы 20 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆХСÆНАД
*Сымахæн – нæ хистæртæ*

3 ХЪЫСМÆТ
*«Мæ фыдимæ кæрæдзийы федтам фыццаг...»*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Дзюдо*

**Партион цард**

## Адæмон программæ – хæстонтæн

**Æппæтуæрæсеон политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы ног Адæмон программæйы сæйраг здæхттæй иу у хæстон быцæуы ветерантæн – сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн алывæрсыг æххуыс. Уый тыххæй йæ телеграм-каналы фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло.**



**Документ æвдисы, хæстонтæ æмæ сæ хиуæттæн кæй бацæттæ кодтой, уыцы мадзæлттæ – профессион цæттæдзинад æмæ сын куысты бынæттæ саразын, медицинон æмæ психологион реабилитаци, ахуырадон уагдæттæм бацæуынмæ ’ххуыс æмæ æндæр мадзæлттæ.**

**Адæмон программæ хæстæгдæр къорд азы уыдзæн партийы сæйраг куыст. Ам фæбæрæг кæнын хъæуы, уыцы программæмæ хаст кæй æрцыдысты нæ бæстæйы цæрджыты, уыдонимæ – нæ республикæйы цæрджыты хъæппæристæ дæр.**

**«22 августы «Иугонд Уæрæсе»-йы съезды дыккаг къæпхæны æрныхас кæндзыстæм уæлæмхасæн мадзæлттыл, се ’хсæн – Уæрæсейы Президент кæй фæнысан кодта, уыдоныл дæр Уый фæстæ схъæлæс кæндзыстæм документы кæронгæнæн вариантыл», – загъта Сергей Меняйло.**

*Нæ уацхæссæг*

**Национ проект**

## Ивддзинæдтæ ирдæй зынынц

Нæ республикæйы горæттæ æмæ хъæутæн се ’ддаг бакаст хуыздæрырдæм кæй ивы, уый дызæрдыггаг нæу. Национ проекттæ æмæ федералон программæты архайды руаджы цæрæнбынæттæ сæ хуыз скалдтой – фæзынд дзы ног парктæ, аллейтæ, сквертæ, зæрæдты та ног цард бауагътой.

вадат фалдзус саразыны проект Æппæтуæрæсеон конкурсы кæй фæуæлахиз, уый руаджы. Ацы аз ма йæ хуыз аивдзæн иннæ фæуæлахизуæ-



Æрыдоны дæр уыцы ивддзинæдтæ ирдæй зынынц, æмæ горæты цæрджыты зæрдæ сæ уындæй рухс кæны. Ныртæккæ дарддæр цæуынц районы центры централон фæз банывыл кæныны куыстытæ. Æдæппæтæй архайд цæуы аст мин квадратон метрыл.

Ныртæккæ специалисттæ æвæрынц инженерон хызтæ æмæ фидар кæнынц фонтаны хæйттæ. Ныссадздзысты дзы ног цырæгътæ, уыдзæн дзы хæдтулгæтæ æвæрæн бынат æмæ фæлладуадзæн зонæ. Ацы объект ноггонд цæуы, Æрыдоны хуыздæр горæтаг хæрзвæг проект дæр – Гагарины сквер Мæздæджы.

Ацы азы кæронмæ ма республикæйы национ проект «Инфраструктурæ цардæн»-ы фæлгæты нывылгонд æрцæудзысты 41æхсæнадон фæзуаты, фидæны азы та – 40.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Архайд**

## Ныхас – артаджы аргъыл

**Монополиты ныхмæ федералон службæйы регионалон управлени æмæ Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрады разамынд фембæлдысты хицæн адæймæгты бæрны уæвæг бынæттон артаг æвгæнæн стырдæр станцæты минæвæрттимæ.**




Ныхас рауад нефты продуктты уавæры æмæ артаджы æргъты фæдыл. Станцæтæ «Гефест», «Троя», «Барс»-ы разамынд куыд загътой, афтæмæй АИ-92 артаджы аргъ 100 сомæй къаддæрæй уæй кæндзысты. Афтæмæй сæхæдæг æфтиаг æппындæр нæ исдзысты. Хицæн адæймæгты бæрны уæвæг артаг æвгæнæн станцæты хицауад куыд радзырдтой, афтæмæй тагъд Монополиты ныхмæ федералон службæйы регионалон управлени æмæ Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрадмæ бæдæтдзысты документтæ. Ныртæккæ станцæты цы ’ргътæ æвæрд æрцыд, уыдонæн бындур кæй ис, уый документтæ æвдисдзысты.

Ацы гæххæттыты бæрæг дардзæн артаг балхæныны аргъ, артаг æрбадæттыны æмгъуыдтæ, товарты-транспорты уæлæфтауан гæххæттытæ, æндæр хæрдзтæ – уыдæттæ кæронбæттæн фæбæрæг вæййынц артаджы аргъыл. Ныртæккæ Цæрæнуатон-коммуналон ведомствæ бæрæг кæны артаг æвгæнæн станцætæ, артаджы аргъ æгæр бæрзонд кæм разыны, аргъы бæрзонд æмвæзад документтæй ифтонггонд куы нæ вæййы, уæд станцæйы ныхмæ карз æфхæрæн мадзæлттæ аразынц.

**Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрады пресс-службæ**

**Национ проект**

## Социалон лæггæдты центры куыст

**Национ проект «Бинонтæ»-йы фæлгæты Дыгуры районы Цæрджыты социалон лæггæдты комплексон центр дарддæр дæр кад кæны, азтæ бирæ кæуыл рацыд, уыцы адæмæн. Уый у хорз æмæ зæрдæагайгæ традици, хистæр кары адæмæн алывæрсыг æххуыс бакæнынæн, алы фæлтæрты ’хсæн бастдзинæдтæ фидардæр кæнын æмæ бинонты традицитæ бахъахъхъæнынæн.**



**Æрæджы йæ 95 азы бон сбæрæг кодта Дигорайы цæрæг Хъолоты Георгийы чызг Симæ. Ахæм рæсугъд бæрæгбоны фæдыл æй бабæрæг кодта Комплексон центры специалист Гуцъаты Маринæ. Зæрдиаг арфæ йын ракодта æппæт центры кусджыты номæй æмæ йын балæвар кодта зæрдылдарæн лæвар.**

**– Нæ зæрдæ дын зæгъы фидар æнæниздзинад, уды хъарм æмæ фæрныгад, – загъта йын Маринæ.**

**Ахæм æхсызгон мадзæлттæ æвдисæн сты, паддзахадон социалон политикæйæн стыр ахадындзинад кæй ис, уымæн. Уый арæзт цæуы зæрдиагæй аудынадмæ, ветерантæ æмæ ацæргæ адæмæн кад кæнынмæ, фæлтæрты ’хсæн бастдзинадмæ æмæ фæсивæдæн сæ царды фæлтæрддзинадæй хай кæнынмæ.**

*ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ*

**Арæн**

## Радылæуды рæстæг фæцыбыр

**Цхинвалæй Дзæуджыхъæуы ’хсæн чи цæуы, уыцы хæдтулгæскъæрджыты ныр цæстдарæнуадзæн бынат «Дæллаг Зæрæмæджы», раздæрау, сахатгай рады лæууын нал хъæуы.**




Амынд цæстдарæн-уадзæн бынат кæй банывыл кодтой, уый фæрцы арæны сæрты бахизыны рæстæг бæлвырд фæцыбыр.

– Знон æз арæны сæрты фынддæс минутмæ бахызтæн. Раздæр ацы хъуыддагыл дыууæ сахатæй фылдæр рæстæг-иу ацыд, ныр та рады дзæвгар рæстæг лæууын нæ бахъæуы, – зæгъы таксисттæй иу.

– Æрæджы арæны сæрты цæуыны заман ссæдз минуты дæргъы рады лæууыдтæн. Амæй размæ ацы хъуыддагыл фылдæр рæстæг цыд, – загъта иннæ хæдтулгæскъæрæг.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: 3 августы цæстдарæн-уадзæн бынаты байгом кодтой цыды æртæ уæлæмхасæн тæлмы, æмæ, ныр ацы тæлмыты иумæйаг нымæц иуæндæсмæ кæй схæццæ, уый фæрцы хæдтулгæты æппæт хуызтæн ис арæны сæрты раздæрæй бирæ рæвдздæр бахизыны фадат. Уымæй уæлдай, «Дæллаг Зæрæмæджы» фæзуаты фæзындысты паспортон цæстдарды ног кусæнуæттæ, стæй уæлæмхасæн шлагбаумтæ æмæ радиацион цæстдарды системæтæ.

Хæдтулгæтæ уадзæн бынат «Дæллаг Зæрæмæг»-ыл æнæкъуыхцыйæ цæуынц æви нæ, Хуссар Ирыстоны Президенты хæстæ æххæстгæнæг **Хъамболты Марат** уымæ иудадзыг цæст дары. Æрæджы Хъамболыфыртæн уыд хъуыддаджы фембæлд Уæрæсейы Транспорты министрады уадзæн бынæттæ нывылкæнынады къабазы паддзахадон политикæйы департаменты директор **Кокайты Михалимæ**. Фембæлды рæстæг ныхас цыд арæны сæрты автотранспорты цыды ног фæткыл.

**РИА «Осетия»**

**Адæмон газет**

## «Рæстдзинад» – 2026 азы дыккаг æмбисæн




**Кæд уыдис, æмæ газет, национ уæвгæйæ, йæ тиражæй фæсте баззайа? Махмæ та афтæ рауад. Цæмæн? Кæй аххосæй, кæй фыдæй? Газет «Рæстдзинад»-ы кад дæлæмæ цæмæнуадзæм, алкæмæ дæр нæ цавæрдæр фадæттæ ис, хъуамæ сæ пайда кæнæм, рафыссæм æй. Йæ тираж хъуамæ зынгæ фылдæр уа, æмæ нæ уый комкоммæ алкæй хæс дæр у. Хъуамæ уый æмбарæм!**

**Газет адæмон у, уымæ гæсгæ йæ кад адмæй кæнгæ у. Адæм та ныртæккæ уæззау уавæрты цæрынц, сæ фылдæр газет рафыссынхъом не сты. Хъуамæ сæ цуры чи балæууа, сæ хæдзæрттæм сын «Рæстдзинад» фæхæццæ кæныны хæс йæхимæ чи райса? Нæ бон цы у, уый хъуамæ æмхуызонæй скæнæм. Бавналæм-ма уæдæ нæ уарзон адæмон газет «Рæстдзинад» рафыссынмæ!**

**Посты бастдзинады хайад куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисы фондз мæйæн газет рафыссыны аргъ у 1430 сомы æмæ 97 капеччы. Адæмы льготон къордты минæвæрттæн – 1163 сомы æмæ 80 капеччы.**

**Газет «Рæстдзинад»-ы индекс – 53901.**

***РЕДАКЦИ***

| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **20 августы** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **18-23 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 13,44 | Хурыскаст — 05,12<br>Хурныгуылд — 18,56 | Валютæйы аргъ | Доллар — 82,61<br>Евро — 95,29 | 12 + |
|---|---|---|---|---|---|---|

Хъысмæт

# «Мæ фыдимæ кæрæдзийы федтам фыццаг æмæ фæстаг хатт...»

**Царды фæзилæнтæ бирæ сты, чи сæ банымайдзæн, чи сæ базондзæн. Айфыццаг нæ мæ цардæмбалимæ фæхуыдтой Уырыссаг академион театрмæ, уым кадджын уавæры бæрæг кодтой Бинонты традицион бон. Хуынд æм уыдысты нæ республикæйы алы рæттæй сæрмагонд æфсæддон операцийы бинонты уæнгтæ, стæй, иумæ бирæ азтæ чи фæцард æмæ цæры, уыцы æмкъæйттæ.**

Рæсугъд æмæ мидисджын рауад бæрæгбон. Æрбацæуæг адæмæн зæрдиаг арфæтæ ракодтой нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло, Цæгат Ирыстоны Парламенты Сæрдар Тускъаты Таймураз, сæ арæхстдзинадæй адæмы зæрдætæ барухс кодтой аивады минæвæрттæ.

Æз бадт фæдæн иу ацæргæ нæлгоймаджы раз, уый дæр уыди йæ бинойнагимæ. Базонгæ стæм. Разынди Хуымæллæджы цæрæг Æгкацаты Дзантемыры фырт Эльбрус. Скъолайы фæстæ фæсаууонмæ каст фæци Хæххон паддзахадон хъæуyонхæдзарадон институты механикон факультет. Ныхас нын куы бацайдагъ, уæд Эльбрус скодта Узбекистаны кой дæр. Куыд базыдтон, афтæмæй æфсады службæйы фæстæ цасдæр рæстæг фæцарди уыцы республикæйы. Фæсаууонмæ ахуыр кодта аспирантурæйы механизаци æмæ электрификацийы бынæттон уырдыгон наукон-иртасæн институты, стæй ма куыста йæ дæсныйадыл Узбекистаны облæсттæй иуы хъæууон хæдзарады управленийы.

Бирæ азты журналистикæйы къабазы бакусгæйæ, адæймагæн, æвæццæгæн, йæ туджы бацæуы уыцы миниуæг – ноджы ма истытæ базонон, сбæрæг кæнон, радзурон сæ газеткæсджытæн. Ракуырдтон Эльбрусæй, цæмæй мæм иу бон ссæуа «Рæстдзинад»-ы редакцимæ. Фыдæнхъæл мæ нæ фæкодта, фембæлдыстæм. Фарстон æй, уыцы республикæйы цæргæйæ, йæ зæрдыл тынгдæр цы бадардта, цытæ федта, фехъуыста, диссаг æм цы фæкаст.

– Бирæ рæстæг мыл нæма рацыди уым, фæлæ уайтагъд бафиппайдтон – узбекæгтæм дæр æгъдау бæрзонд бынаты æвæрд у, мæнæ махмæ, Ирыстоны, куыд у, афтæ. Стыр кадджын сæм сты хистæр, уазæг. Æз, æндæр адæмыхаттæй лæг, дард Кавказæй æрцæуæг адæймаг, иунæг хатт дæр никуы банкъардтон фысымты 'рдыгæй зулдзаст, сæ ахастдзинад мæнмæ уыдис хæлардзинад æмæ æгъдауы уагыл. Цалдæр хатты уыдтæн сæ чындзæхсæвты дæр. Уым дæр уый у стыр бæрæгбон, рагацау-иу хъæрæйдзурæг динамиктæй хъусын кодтой адæмæн, кæд æмæ кæм уыдзæн чындзæхсæв, æрбахуыдтой-иу сæрмагонд ансамбльтæ, музыканттæ. Æцæг-иу чындзхæссыны хабæрттæ аргъæвтой, хъæууонхæдзарадон куыстыты 'хсæн уæгъд рæстæг куы фæзынди, уæдмæ, чындзæхсæвы фынгтыл карз нозтæн йæ кой дæр нæ уыд, æрмæстдæр алыхуызон адджын дæттæ, алы хæринаг æмæ дыргътæ. Тæккæ кадджындæр æмæ бæллиццагдæр хæринагыл фынгтыл нымадтой плау. Йæ хæрзхъæддзинад ын уазджытæн æрæвæрыны размæ бæрæг кодта бадты хистæр – сой дзы фаг ис æви нæ, хæрзад у, фаг хъацæнтæ йыл ис æмæ афтæ дарддæр. Йæ зæрдæмæ нæ фæцыди, зæгъгæ, уæд-иу æй фæстæмæ хæринаггæнджытæм арвыста.

Базыдтон узбекагау дзурын дæр, уым æрцæуæг адæймагæн уымæй уæлдай стыр аргъ кæнынц. Узбекистаны, куыд Астæуккаг Азийы иннæ республикæты, стыр бынат



**ÆГКАЦАТЫ Эльбрус йе 'рыгон азты Астæуккаг Азийы хъæууон хæдзарады механизаци æмæ электрификацийы наукон-иртасæн институты æмдзæрæны дуармæ йе 'мбæлттимæ (рахизырдыгæй фыццаг)**

ахсы бæмбæджы куыст. Иуахæмы Ташкенты уыдис бæмбæджы куыстгæнæг специалистты семинар. Архайдта дзы уæды азты Коммунистон партийы республикæйы Центрон Комитеты фыццаг секретарь Шараф Рашидов. Семинары архайджытæй алчи дæр тырнындта Рашидовы къух райсынмæ, афтæмæй йын салам раттынмæ. Рæгъæй ралæууыдысты, Рашидов сæ рæзты æрцæйцыди, алкæмæн дæр йæ къух райсгæйæ. Мæ размæ куы 'рбахæстæг, уæд æз гыццыл фæстæдæр алæууыдтæн æмæ йын мæ сæрæй ныллæг акуывтон. Уый мæм дисгæнгæ æрбакаст æмæ мæ бафарста, чи дæн, кæцæй дæн, зæгъгæ. «Осетин», – загътон æз. «А по-вашему?» – зына-нæзына бахудгæйæ, бафарста Шараф. «Ирон» – дзуапп раттон æз. Уый мæм дзуры: «Ирон, а почему ты со мной за руку не поздоровался?» Фефсæрмы дæн, фæлæ йын загътон, махмæ, Ирыстоны, æрыгон лæппуйæн æгъдау кæй нæ амоны хистæрæн къухрайстæй салам дæттын. Рашидов ницы сдзырдта, араст дарддæр. Уыйфæстæ ма-иу, искуы фембæлгæйæ, Шараф мæм-иу æрбацыди æмæ фарста, ирон, куыд сты дæ хъуыддæгтæ, дæ куыст куыд цæуы, зæгъгæ, æппæт уыдæттæй.

Куыд базыдтон, афтæмæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Узбекистан суазæг кодта 600 мин адæймагæй фылдæр лыгъдонтæ. Иу куырд та, йæ ном ын нал хъуыды кæнын, æрбакодта йæ хæдзармæ 27 сидзæр сывæллоны, хъомыл сæ кодта, ницы хъуаг сæ уагъта.

Зындгонд куыд у, афтæмæй Октябры революцийы фæстæ Астæуккаг Азийы республикæты цыди карз тох басмачтимæ. Советон хицаудзинады ныхмæ æфсæдты уыди басмач Хамракул Турсункулов дæр. Фæлæ куыдфæстæмæ æрлæууыд ног цардарæзты фæндагыл æмæ ссис бæмбæджы куыстады раззагдæртæй иу, æртæ хатты йын саккаг кодтой Социалистон Фæллойы Хъæбатыры ном.

Æгкацаты Эльбрус йæхæдæг ссис Узбекистаны техникон наукæты кандидат, сыздæхт йæ райгуырæн Ирыстонмæ æмæ ма бирæ азты дæргъы фæкуыста хайады сæргълæууæгæй Цæгат Кавказы хæххон æмæ хохрæбын хæдзарады институты. Йæ бинойнаг Любæимæ схъомыл кодтой хорз цот – лæппу æмæ дыууæ чызджы, алчи дæр дзы райста уæлдæр ахуырад. Йæ кæстæр чызг – Замирæт та ма сси «Афæдзы ахуыргæнæджы» премийы лауреат, кусы англисаг æвзаджы ахуыргæнæгæй.

Нæ ныхасы кæрон ма Эльбрусы бафарстон, йæ фыд Дзантемыры хъуыды кæны, зæгъгæ. Уый уыдис фронты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг. «Æз æмæ мæ фыд кæрæдзийы федтам фыццаг æмæ фæстаг хатт», – æнкъардæй бакодта Эльбрус. Фæрсæгау æм куы бакастæн, уæд мын радзырдта: «Дзантемыр йе 'фсæддон хаимæ цыбыр рæстæг уыди горæт Налцыччы. Мæ мад Зури мæ аласта уырдæм. Сæмбæлдыстæм мæ фыдимæ. Æвæццæгæн, мыл тынг фæцинтæ кодта, фæлæ уыдæттæ æз цæмæй зонын æмæ хъуыды кæнын – дыууæ мæйы йеддæмæ мыл нæма цыди... Фæлæ уæддæр, мæхи удæнцойæн фæзæгъын, федтон мæ фыды, зæгъгæ... Хæстæй нал сыздæхт...»

Алы адæймагæн дæр йæ хъысмæт йемæ райгуыры. Сомбон цы уыдзæн, куыд уыдзæн, цард чердæм æрзилдзæн, уымæн базонæн нæй.

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Фын æмæ æцæгдзинад

# Мæрдтæй дæр мæ хъахъхъæныс, мæ мад

**Иуæхсæв та дæ мæ фыны федтон, мæ мад! Арахъдзуан та, цыма, кодтон, ды та мæ хъахъхъæдтай æмæ мæ фæстæ зылдтæ гурæй-гурмæ. Мæ нуæзтæй дæуæн та хъыцъыдæттæ нуазын кодтон. Карз хъыцъыдæттæ! Мæнæ сагъæс æмæ катайæ хъынцъыйы йас дæр нал уыдтæ. Нозт мæхицæй тыхджындæр разынд. Дæуæн дæр нæ фæуисæн кодтон, къæрттæй цъула не 'ппæрстон. Æвæццæгæн, ныййарæджы фæрстыл æндон тæлытæ ис, йæ зæрдæ æндон цъæгъæдзы уæфтийау у, уый зыдтон, æмæ йын амæлынæй нæ тарстæн.**

**Ныр мын амардтæ, нал райгас уыдзынæ, фæлæ мын дæ удæгасæй дæ мард тыхджындæр разынд. Æмæ ныр зæрдæ аназын куы фæзæгъы æмæ мæ къухмæ агуывзæ куы сисын, уæд мæ цæстытыл ды ауайыс, мæ мад. Мæрдтæй дæр мæ хъахъхъæныс æмæ мын афтæ фæзæгъыс: «Ма баназ, мæ хъæбул, нозт йæ кæнæгæн дæр нæ бары, уый хæйрæджы холлаг у!» Мæрдтæм дæр дæ æфсæрмы фæкæнын, æмæ мæ агуывзæ, бар-æнæбары, фæстæмæ фынгыл æрæвæрын.**

**Мæнгæн нæ фæзæгъынц, мардаудæн æмæ, дам, Хуыцауаудæн иу сты.**

**АБАЙТЫ Эдуард**



Ничи ферох, ницы ферох

# Йæ хæрзиуджытæ – йе 'хсары æвдисæнтæ

**Фыдбоны хæст... Абон нын иртасджытæ æмæ историктæ цы нымæцтæ дзурынц, уал адæймаджы ахаста хæст, зæгъгæ, уыдонмæ ма бафтауын хъæуы, тохы быдырæй чи сыздæхт цæнкуылтæ, буарæфхæрдæй æмæ цыбыр рæстæгмæ йæ цардæй чи ахицæн, уыдоны, куырдуаты цы чызджытæ баззад, сидзæрæй тыхтона цæрдтытæ чи бавзæрста, уыцы сабиты, сидзæргæс сылгоймæгты...**

Уыцы нымæцы ис Абæгаты Исмæилы (Гдийы) фырт Алихан дæр. Дунейы рухсмæ фæзынд Дыгуры районы Хъæрман-Сындзыхъæуы 1924 азы зæхкусæджы хæдзары. Хъæууон скъолайы ахуыр кæнгæйæ, бацыд ОСОАВИАХИМ-ы топпæйæхсæг къордмæ æмæ ссис ворошиловон рæстдзæвин.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Алихан бацыд дæсæм къласмæ. Æнæхъæн афæдз лæппу æфсæддон комиссарады дуæрттæ хоста, куырдта, цæмæй йæ фронтмæ арвитой. Æппынфæстаг, 1942 азы, ахуыр кæнынмæ æрвыст æрцыд фистæгæфсæддонты командæгæнæн училищæмæ. Уæдмæ немыцаг фашисттæ лæууыдысты Дзæуджыхъæуы къæсæрыл, уымæ гæсгæ, цæуын æмæ куыстхъом чи уыд, республикæйы уыцы цæрджытæм се 'ппæтмæ дæр знаг не 'рбауадзыны тыххæй фидæрттæ аразынмæ фæсидтысты.



Училищæ цыбыр программæйæ фæуæвгæйæ, æрыгон лейтенанттæ æрвыст æрцыдысты хæцæг æфсадмæ, уыдонимæ – Абæгаты Алихан дæр. 1944 азы 11 июлмæ æхсарджынæй хæцыд 1-аг Украинаг фронты дыккаг гвардион уæлдæфон-десантон дивизийы рæнхъыты. Цы уæззау тугæйдзаг фæндæгтыл фæцыд æрыгон афицер, уыдоны тыххæй нын абон лæмбынæг ничиуал радзурдзæн, фæлæ йæ лæгдзинад æмæ æхсары æвдисæнтæ сты йæ хæрзиуджытæ – Сырх Стъалыйы, Фыдыбæстæйы хæсты II къæпхæны, Намысы II æмæ III къæпхæны, Александр Невскийы ордентæ, майдантæ «Хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй», «Æхсары тыххæй», «Германыл фæуæлахизы тыххæй», æфсады инæлар Николай Ватутинæй – хæрзиуæджы хуызы лæвæрд дамбаца æмæ æндæртæ. Уыцы рæстæг цалдæр хатты фæцæф, контузи райста, фæлæ та-иу, куы сдзæбæх, уæд фæстæмæ хæстонты æмрæнхъ æрлæууыд.

1944 азы июлы гвардийы лейтенант Абæгаты Алихан уæззау цæф фæци Белоруссийы æмæ Польшæйы ныгуылæн арæнтæ уæгъдгæнгæйæ, æмæ йæ 1944 азы фæззæджы æфсæддон дохтырты къамис суæгъд кодта службæйæ. Лæппу æрыздæхт йæ райгуырæн хъæумæ æмæ, иу бон дæр нæ баулæфгæйæ, немыц кæй ныппырх кодтой, уыцы колхоз «Ленины тырыса» йæ къæхтыл слæууыны куыстытæм хъазуатонæй бавнæлдта.

Хъыгагæн, Алиханæн йæ хæстон уæззау цæфтæ йе 'рыгон цард аскъуыдтой – 1947 азы йе 'цæг дунемæ ацыд. Æдæппæтæй йын 23 азы саккаг кодта хъысмæт, фæлæ йæ ном рох нæу йæ хиуæттæ æмæ 'мхъæуккæгтæй.

Абон Алиханы карæн лæппуты ногæй бахъуыд фашисттимæ тох кæнын Украинæйы зæххыл. Уыдон дæр æхсар æмæ лæгдзинадæй цух не сты, æмæ тагъд рæстæджы сæ хæдзæрттыл уæлахизимæ сæрæгасæй сæмбæлæнт. Алиханæн та ма нæ бон æрмæстдæр рухсаг зæгъын у. Йæ ном – æнусмæ мысинаг

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Ирон хабæрттæ

# Тæрхон

**Захъайы хъал фæсивæд чындз хастой Цæразонтæй, Нузалæй. Се 'хсæв бахастой дæллаг Зæрæмæгмæ. Дыккаг бон райсомæй тынг раджы бæхджын чындзхæсджытæ чындзимæ Поты фæзы заргæйæ бафардæг сты. Нары фæсивæдæн дзы афтæ ничи срæдыди, чындзæхсæвмæ-иу æрцæут, зæгъгæ.**

Нар базыдтой, Захъайы хистæртæ ма Зæрæмæджы баззадысты, уый, æмæ се 'рбацыдмæ сæ хид райхæлдтой, цæмæй сын балæгъстæ кодтаиккой, уый тыххæй. Нарæн се 'рбацыд бæрæг уыди, æмæ, хур Тъеплейы хохæй куы 'ркаст, уæд зæрондæй, ногæй рацыдысты Ныхасмæ дам, фæцыдысты Тибмæ, Джергаты Датъе æмæ Къадзты Лекъмæ хъаст кæнынмæ, фарон фæззæг сæ цæм доны кæй ацæуын кодтой, уый тыххæй. Джергаты Датъе æмæ Къадзты Лекъ уыцы заманы уыдысты Туалгомы тæрхоны лæгтæ. Захъа бахъаст кодта Нарыл, уæдæ ма цы гæнæн

Ныхъхъус ис Поты фæз, бындз атахти, зæгъгæ, уæд ын йæ базырты хъæр къуырма дæр фехъуыстаид.

Датъе æмæ Лекъ кæрæдзимæ бакастысты, цæуылдæр адзырдтой, стæй Нары хистæртæн загътой, цæмæй Поты фæзмæ æрхæссын кæной иу сысджыйы мæкъуыл.

Бамбæрстой Нары хъал адæм, цы тæрхон скодтой, уый, фæлæ æндæр гæнæн нæ уыди, тæрхоны лæгты уынаффæйыл уæлдай ныхæстæ не 'мбæлди æмæ æрхастой сысджыйы мæкъуыл.

– Гъе ныр æй æрнай кæнут, – загъ



æмæ кастысты æнхъæлмæ, уæдæ, захъайаг чындзхæсджытæ кæд фæзындзысты, стæй доны сæрты куыд хиздзысты? Иуафон чындзхæсджытæ фæзындысты Уастырджийы зарæггæнгæ. Хид кæм уыд, уырдæм куы бахæццæ сты, уæд дзыхълæуд фæкодтой æмæ донмæ æдзынæг кæсынц, мæнæ дзы цыма кæфтæ уыдтой, уыйау. Цы бамбарын сын хъуыди, Нары фæсивæд хид барæй кæй систой, уый, гæнæн нал уыди, æмæ кæстæртæ сæхи фæфистæг кодтой æмæ сæ хистæрты цæм доны бадавтой.

Нары фæсивæд дын уый феной, сæ хъæр æмæ æхситт ссыди, мæнæ цыма сыл хур æркаст, афтæ.

Гъе уый фæстæ цыргъ æвзæгтæ канд хъæуæй нæ, фæлæ ма комæйкоммæ фехъусын кодтой, Нары хъал фæсивæд Захъайы къуыдиппыты цæм доны ахизын кодтой, зæгъгæ.

Хабар суанг быдырмæ нæ, фæлæ ма Мæздæгмæ дæр ныххæццæ. Бирæтæ худтысты, бирæтæ та-иу сæ сæртæ батылдтой.

Иу зæрæмæггаг та, дам, ахæм хабар ракодта. Захъайы зæрæдтæ, уыди, æмæ Датъе æмæ Лекъ Нарæн фехъусын кодтой, иннæ хуыцаубоны Поты фæзмæ куыд æрцæуой æппæт Нары кæмттæй – уыдзæн тæрхон.

Алы хъæумæ дæр æрвыст æрцыд хабархæссæг, æмæ фехъусын кодтой тæрхондоны лæгты уынаффæ. Уыцы бон базмæлæн нал уыди стыр Поты фæзы, цæуынхъом чи уыди, уыдон цæугæ æркодтой, цæуынхъом чи нæ уыди, уыдоны та хæсгæ æркодтой. Æрцæттæ кодтой дыууæ къæлæтджыны, лæгтæн хъуамæ алцыдæр сæ зæрдæмæ фæцæуа.

Хур йæ цалхыдзагæй куы скаст, уæд тæрхоны лæгты файтон, сæ разæй æртæ бæрæг бæхы, афтæмæй æрбахæццæ Поты фæзмæ. Æрбадтысты сæ бынæтты, стæй фæрсын райдыдтой захъайæгты. Уыдон ракодтой се 'фхæрды хабар, ахæм æбуалгъ ми, лæджы зæрдæ знагæн дæр нæ бакомдзæн.

Раттой ныхасы бар Нары зæрæдтæн дæр. Уыдон басастысты се 'взæрдзинадыл æмæ цæттæ сты тæрхондоны уынаффæ сæххæст кæныныл, кæд сын цыфæнды зын уа, уæддæр.

та сын Датъе, – куы фæуат, уæд та фендзыстæм.

Банай йæ кодтой Нары хъал фæсивæд æмæ йын йæ нæмгуытæ куы стымбыл кодтой, уæд сын тæрхоны лæгтæ загътой:

– Абонæй фæстæмæ Захъа æмæ Нар кæрæдзимæ дарут дзæбæх зæрдæ, цæрат хъуамæ мæнæ æфсымæрты цардæй, æмæ, гъе уый тыххæй хъуамæ кæрæдзимæ раттат уæ къухтæ. Раттой сæ къухтæ, уæдæ æндæр гæнæн цы уыди, цы адæм æртымбыл ис Поты фæзмæ, уыдон та хъæлдзæгæй, мæнæ цыма се стыр уаргъ се 'ккойæ систой, уыйау сæ хæдзæрттæм фæцыдысты.

Нар стыр куывд скодтой, афтæ уæлæнгæйтты кæй фервæзтысты, уый тыххæй, æнæхъæн дыууæ боны минас фæкодтой тæрхоны лæгтæ æмæ Захъаимæ. Æртыккаг бон захъайæгты сбадын кодтой хорз саргъы бæхтыл æмæ сæ сæхимæ бахæццæ кодтой.

**ХЪАЙТТАТЫ Сергей,**
**«Ирон хабæрттæ»**
**Дзæуджыхъæу, 1998 аз**

Спортивон фидиуæг



Дзюдо

# Аланæ бацахста дыккаг бынат

**Магнитогорскы дзюдойæ бæрæггонд æрцыдысты Уæрæсейы адæмты Спартакиадæйы уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгты ’хсæн.**

Сылгоймæгты ерысты архайдтой Уæрæсейы 50 регионы 300 минæвары. Уыдоны ’хсæн уыди ирон чызг, Советон Цæдис æмæ Уæрæсейы сгуыхт тренер Гæбæраты Автандил æмæ йæ фырт Виталийы хъомылгæнинаг Ælборты Аланæ, æмæ йæ архайд рауад раппæлинаг. Аланæ ерыс кодта уæззау (+78 кг) уæзы. Æмæ, цæмæй кæронбæттæнмæ рацæуа, уый тыххæй йæ хъуыд цыппар ныхмæлæууæгыл фæуæлахиз уæвын. Йæ ныхмæлæуджыты ’хсæн дыууæ уыдысты Бетъырбухы зындгонд дзюдойы клубы хорз цæттæ чызджытæ. Уыдоныл фæуæлахиз уæвынæн равдисын хъуыд æмбæлгæ хъару æмæ цæттæдзинад. Аланæ сарæхст, йæ иннæ дыууæ ныхмæлæууæгыл дæр фæуæлахиз æмæ рацыд кæронбæттæнмæ.




1-аг бынат рамбулыныл ерысы Аланæйы ныхмæлæууæг уыд дунейы дыууæ хатты чемпионкæ Дарья Речкалова. Уыимæ хæцгæйæ дæр Аланæ бæргæ тырныдта уæлахизмæ, фæлæ, дæргъвæтин рæстæг цы цæфы фæстиуджытæ дзæбæх кодта, уый та йæ бахъыгдардта, æмæ фембæлд ахицæн Дарья Речкаловайы пайдайæн. Аланæ хорзæхджын ссис æвзист майданæй, æмæ уый хорз æнтыстыл банымадтой, спартакиадæйы кæй номæй ерыс кодта, уыцы Татарстаны иугонд командæйы разамонджытæ.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Футбол

# Станислав – Уæрæсейы хуыздæр дуаргæс

**Футболон командæ «Краснодар» æмæ Уæрæсейы иугонд командæйы дуаргæс Æгкацаты Станиславæн рейтингтæ дæттæг компани «Трансфермаркет» йæ аргъ банымадта 12 милуан евройы.**

Ирыстойнаг футболисттæй уый у æппæты зынаргъдæр. Станиславæй уæлдай ма абон уæлдæр къорды командæты чи ис, уыдонæй: Бокоты Марат æмæ Хосонты Хетæгæн скодтой фæйнæ иу милуан евройы аргъ, Гуыдиаты Виталийæн – 800 мин евройы, Магкæты Станислав, Таттаты Алексей æмæ Ростислав Солдатенкойæн – фæйнæ 700 мин евройы, Коцыты Хетæгæн – 600 мин евройы, Хъараты Давидæн – 550 мин евройы. Дзиуаты Макс æмæ Гæбæраты Альбертæн та – фæйнæ 500 мин евройы.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ Æгкацаты Станислав дыккаг аз нымад æрцыд Уæрæсейы хуыздæр дуаргæсыл, æмæ йын лæвæрд цæуы Лев Яшины номыл приз.




**Нæ уацхæссæг**

Сывæллæтты фæлладуагъд

# Равдыст – бинонтæн

**Станицæ Николаевскаяйы библиотекæйы – Дыгуры районы центрон библиотекæйы дæлхайады йæ куыст райдыдта бинонты сæрмагонд равдыст сывæллæттæ æмæ сæ ныййарджытæн «Сымахæн, сабитæ – ног чингуытæ» («Для вас, ребятишки — новые книжки»).**



Йæ сараздзытæн национ проект «Бинонтæ» сæ размæ цы хæс æмæ нысан æвæры – иумæ чингуытæ кæсыны бинонты традицитæ фæфидардæр кæнын æмæ рæзгæ фæлтæры литературæмæ цымыдисдзинад сæвзæрын кæнын, уыдон сæхххæст кæныныл зæрдиагæй архайынц.

Равдыст схонæн ис бинонты иумæйаг фæлладуадзæн фæзуат. Ам ныййарджытæ сæ сывæллæттимæ сæ бон равзарын у зæрдæмæдзæугæ литературæ. Цæмæй сабитæ æмæ сæ хиуæттæ литературæйы алæмæты дунейы аныгъуылой, уый тыххæй æрæмбырд кодтой æппæты ирддæр, аивдæр, хуыздджын, зæрдæскъæфæн ног чингуытæ – аргъæуттæ, алæмæты хабæрттæ, æмдзæвгæтæ, хъæлдзæг радзырдтæ, детективон уацмыстæ, энциклопедитæ æмæ наукон-популярон... – иудзырдæй, алы кары сабитæн дæр цымыдисаг чи у, ахæм литературæ, æххуыс у сæ райрæзтæн, ахуыр сæ кæны раст хъуыды кæнын æмæ дзурыныл, ныййарджытæн та – сæ сывæллæтты фарстытæн дзуаппытæ раттынæн.

Ахæм мадзæлттæ æххуыс сты фæлтæрты æнгомдзинадæн, чиныг иумæ бакæсын та суыдзæн бинонты традици.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Фæсивæды цардæй

# Цымыдисаг балц



**Сывæллæтты республикон реабилитацион центр «Феникс»-ы сæрды иудадзыг дæр се ’нæниздзинад фæфидар кæнынц Дзæуджыхъæу æмæ нæ республикæйы астæуккаг скъолаты ахуырдзаутæ. Сæ кар – авдæй æхсæрдæс азмæ.**

Ам сын реабилитацион центры фæлтæрдджын дохтыртæ æмæ хъомылгæнджытæ се ’нæниздзинад фидар кæнынæй уæлдай, зæрдиагæй бацархайынц, цæмæй кæстæртæ сæ удварн фæхъæздыгдæр кæной. Саразынц сын экскурситæ Дзæуджыхъæу æмæ нæ республикæйы зæрдылдарæн бынæттæм. Скъоладзаутæ мæй цалдæр хатты вæййынц Хетæгкаты Къостайы номыл Культурæ æмæ фæлладуадзæн парчы, сырддоны, Доны станцæ æмæ дендрарийы, бабæрæг кæнынц Сывæллæтты æфсæнвæндаг.

Афтæ ма æрæджы уыдысты дыууæ фæлтæрæй Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы. Ацы артдзæсты хистæр зонадон кусджытæ Цхуырбаты Сергей æмæ ацы рæнхъыты автор фæсивæдæн радзырдтой музейы сарæзты историйы тыххæй. Базонгæ сæ кодтой йæ æртæ залы, ирон адæмон сфæлдыстад, фыссынад æмæ национ дзырдаивады дæсныты цард æмæ бирæвæрсыг сфæлдыстадимæ баст мидисджын æрмæджытимæ.

Скъоладзаутæ лектортæм лæвæрдтой алыхуызон мидисджын фæрстытæ, æмæ сын-иу музейы зонадон кусджытæ раттой бæстон дзуапп.

Музейы арфæтæ æмæ хъæппæристы чиныджы æвзонг уазджытæ ныффыстой зæрдиаг бузныджы ныхæстæ, зонадон кусджытæ сын цымыдисаг лекци кæй бакастысты, уый фæдыл.

**ГАСАНТЫ Валери**

Ахуырад

# Ногдзинæдтæ – фыццæгæмкъласонты пайдайæн




**Ахуыры аз æрбахæстæг, æмæ базарты, дуканиты ныййарджытæ æмæ сабиты нымæц бонæй-бонмæ фылдæр кæны. Скъоламæ иу сывæллон бацæттæ кæнынæн гыццылдæр-гыццылдæр 30 мин сомы схардз кæнын кæй хъæуы, спортивон æмæ ивæн дарæс æмæ къахыдарæс нæ нымайгæйæ, ууыл æрæджы нæ газет фыста.**

Ацы аз Дзæуджыхъæуы скъолаты къæсæрæй фыццæгæм кълæстæм бахиздзæн, горæты администрацийы пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй 3404 сабийы, уыдонæй 305 – сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты сывæллæттæ.

Уæрæсейы Федерацийы Рухсады министрады уынаффæмæ гæсгæ, фыццæгæм кълæсты ахуырдзаутæн сæ ахуырадон фæтк фæлæмæгъдæр кæндзысты. Уроктæн сæ рæстæг уыдзæн æдæппæтæй 35 минуты, бон та сæм цыппар урокæй фылдæр хъуамæ ма уа. Ахæм фæтк фидаргонд æрцыд, цæмæй сывæллæттæ фæллайгæ ма кæной. Ахуыры дыккаг æрдæг урокты рæстæг фондз минуты фæфылдæр уыдзæн.

Æмæ ма ныййарджытæ æмæ сывæллæттæн æхсызгондзинад – афæдзы мидæг фыццæгæмкъласонтæн сæ фæлладуадзæн рæстæг уæлæмхасæн æнæхъæн къуыри фæдаргъдæр уыдзæн! Уыимæ сын ацы ахуыры азæй фæстæмæ хæдзармæ куыст дæр нал дæтдзысты.

**БУТАТЫ Азæмæт**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ,

чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Инвентаризация плодового сада!**
**Профессиональный садовод,**
**после визуальной оценки сада, срубит старые, выработавшие свой ресурс плодовые деревья.**
**Работаю по принципу «Как себе!»**
**Тел.: 8-928 856-90-89;**
**8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Обслуживание колонок и котлов.**
**Тел.: 8-961-821-90-88.**



Номыры радхæссæг редактор — **Абайты Эдуард.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гаглойты Наташæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацииты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацииты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ’рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2408. Заказ № 903. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**